



Pou Piblikasyon Imedya: 16/03/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE KE GEN 100,000 FANMI KI RANTRE NAN
PWOGRAM ABÒDABILITE WO DEBI FEDERAL LA**

Efò plizyè ajans pou enskri fanmi ki gen revni fèb ki elijib yo se yon gwo siksè

*Fanmi New York ki fèk ap patisipe yo pral resevwa prèske 36 milyon nan
sibvansyon federal*

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a ke gen plis pase 100,000 lòt fanmi ki kalifye ki enskri nan [Pwogram Koneksyon Abòdab](#) (Affordable Connectivity Program, ACP) gouvènman federal la depi New York te lanse yon inisyativ sansibilizasyon wo debi ki gen plizyè ajans pou ankouraje enskripsyon. Pwogram federal la ofri rabè jiska 30 dola pa mwa nan sèvis entènèt pou fanmi ki gen revni fèb yo.

"De ane ki sot pase yo te fè nou sonje jan wo debi ki fyab ak abòdab enpòtan anpil, pou nou ka rete konekte ak fanmi, travay, lekòl ak sèvis swen sante yo", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Mwen fyè de kolaborasyon ajans eta nou yo ak patenarya nou ak gouvènman federal la pou pote wo debi atravè eta a, epi mwen angaje pou kontinye efò sa yo pou konekte tout Nouyòkè yo."

Kòm yon rezilta dirèk nan yon efò kontak milti ajans ki gen plizyè branch ki te dirije pa Depatman Sèvis Piblik (Department of Public Service, DPS) Eta New York la, eta a kontinye ogmante kantite moun ki enskri ki elijib yo chak jou. Avèk plis pase 715,000 kay k ap resevwa sibvansyon chak mwa apati 14 mas 2022, New York devan pami kat pi gwo eta yo ak prèske 40 pousan enskripsyon. Kanpay la, ki te lanse nan kòmansman mwa janvye a, te kòmanse ak mwens pase 30 pousan kay elijib ki te enskri. Fanmi elijib ki fèk rantre yo pral resevwa apeprè 36 milyon dola, sa ki fè total sibvansyon anyèl yo plis pase 250 milyon dola.

Direktè Egzekitif Jeneral DPS la, Rory M. Christian, te deklare, "Sensibilizasyon ak defans konsomatè yo se yon priyorite pou eta a, e mwen kontan anpil pou siksè inisyativ sansibilizasyon sa a ki pral ede asire tout Nouyòkè ki elijib pou revni yo pral gen aksè ak entènèt ki gen gwo vitès nan yon pri rezonab."

DPS, an kowòdinasyon ak lòt ajans eta ki fè fas ak piblik la ak founisè sèvis entènèt yo, dirije yon kanpay konsyantizasyon ak maketin nan tout gouvènman an nan tout eta a

nan kad Inisyativ ConnectALL Gouvènè (Governor's ConnectALL Initiative) a pou ogmante enskripsyon pami Nouyòkè ki elijib yo.

Ajans Eta New York yo ki enplike nan inisyativ sansibilizasyon wo debi a ak efò yo genyen ladan yo:

- **Biwo Asistans Tanporè ak Andikape** (Office of Temporary and Disability Assistance, OTDA) ap mande ajans sèvis sosyal yo pou yo pataje materyèl sansibilizasyon ak kliyan ak founisè sèvis ki gen kontra yo, epi li ap jenere repons sibvansyon wo debi otomatik sou tout imèl epi pibliye kontak sou tout rezo sosyal yo.
- **Biwo Renouvèlman Kay ak Kominotè** (Housing and Community Renewal, HCR) ap kontakte patnè lojman san bi likratif yo ak pwopriyetè pwopriyete yo, epi fè pwomosyon sou rezo sosyal yo
- **Biwo Sèvis Timoun ak Fanmi** (Office of Children and Family Services, OCFC) ap ankouraje sibvansyon wo debi atravè depatman sèvis sosyal lokal yo, antite ki bay lisans pou gadri, founisè gadri yo, swen adoptif ak ajans volontè yo, epi fè pwomosyon sou rezo sosyal yo.
- **Depatman Travay** (Department of Labor, DOL) ap pral ankouraje sibvansyon an atravè chanèl sansibilizasyon nan tout eta li a, pwopriyetè pwopriyete ki nan pòtfolyo lia pral founi materyèl pwogram yo pou yo poste nan zòn komen yo epi distribye bay rezidan yo, [yon videyo PSA](#), epi fè pwomosyon sou rezo sosyal yo.
- **Depatman Veyikil a Motè** (Department of Motor Vehicles, DMV) la ap voye imèl epi kontinye yon kanpay piblisite sou rezo sosyal, emèt yon videyo PSA sou monitè televizyon nan biwo DMV ke eta a opere nan vil New York, Long Island, ak konte Albany, Westchester, Rockland, ak Onondaga, epi tou voye apeprè senk milyon enfòmasyon pa lapòs pandan tout ane a lè kliyan yo resevwa pèmi kondui yo.
- **Empire State Development** ap pataje enfòmasyon atravè Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal (Regional Economic Development Councils, REDC) yo epi pwofite patenarya alontèm ak founisè sèvis entènèt yo pou ogmante saansibilizasyon ak enskripsyon yo.

Komisè pa Enterim ak Direktè Egzekitif ak PDG yo deziyen pou Empire State Development lan, Hope Knight te deklare, "Pandemi COVID-19 la pwouve ke koneksyon entènèt ki gen gwo vitès pa yon liks ankò; li se yon nesosite. Wo debi esansyèl pou Nouyòkè yo ale lekòl, travay a distans, jwenn yon travay, kòmanse yon biznis, jwenn aksè ak swen sante, epi konekte ak moun yo renmen yo. Amelyore abòdabilite se yon eleman enpòtan nan inisyativ ConnectALL Gouvènè Hochul la, pou asire nou tout gen wo debi ki abòdab ak aksesib epi mete baz pou New York kontinye dirije ekonomi dijital la."

Anplis de sa, founisè sèvis entènèt nan New York yo, tankou Spectrum, Altice ak Verizon, te kontinye angajman yo pou elaji adopsyon sèvis entènèt abòdab nan tout eta a pou ede fèmen divizyon dijital la epi kreye yon mond dijital ki pi ekitab ak enklizif.

Inisyativ ConnectALL Gouvènè Hochul la, ki te anonse an janvyè nan kad diskou li sou Sitiyasyon Eta a, se yon investisman ki pote 1 milya dola transfòmasyon nan kominote ak enfrastrikti dijital New York yo. Li non sèlman asire wo debi ki fyab ak aksesib epi ki gen gwo vitès pou tout Nouyòkè yo, men tou, New York pral dirije ekonomi konekte 21èm syèk la. Efò sa a enplike gouvènman an ak sansibilizasyon kominotè epi travay ak pi gwo founisè wo debi Eta a yo pou rive atenn Nouyòkè ki elijib yo.

Pandan twò lontan, wo pa rive jwenn anpil Nouyòkè paske li pa abòdab. Anplis diminye depans pou konsomatè yo atravè investisman kapital, Inisyativ ConnectALL pyonyè Gouvènè Hochul la vize asire ke chak Nouyòkè ki elijib pou patisipe nan [Pwogram Koneksyon Abòdab](#) la epi ekipe ak enfòmasyon ak sipò ki nesèsè pou yo enskri.

Wo debi koute Nouyòkè yo plis pase 60 pa mwa an mwayèn. Anplis asistans 30 dola pa mwa, fanmi ki elijib finansyèman yo kapab resevwa yon rabè yon sèl fwa jiska 100 dola pou achte yon laptop, yon òdinatè, oswa yon tablèt nan men founisè k ap patisipe yo si konsomatè yo kontribye plis pase 10 dola ak mwens pase 50 dola pou pri dacha a.

###

Lèt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)